ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ШОМАНАЙ РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ШУМАНАЙ ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ

№152/2 «16» - февраль 2018 ж.й

«Қарабайлы» мәкан пуқаралар жыйынын шөлкемлестириў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 3-февралдағы «Мәҳәлле институтын жәнеде шөлкемлестириў ис-режелери туўрысында»ғы ПФ-4944-санлы бийлигиниң орынланыўы бойынша комплекс ис-режелер Дастуриниң 20-бәнди ҳәм Өзбекистан Республикасының «Мәҳәллий мәмлекет ҳәкимяты туўрысында»ғы Нызамының 6-статьясына ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2017-жыл 30-декабр кунги 02-1091-санлы хатына тийкар, район аймағынан «Қарабайлы» мәкан пуқаралар жыйынын шөлкемлестириў мақсетинде

ҚАРАР ҚЫЛАМАН:

1. Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 3-февралдағы «Мәҳәлле институтын жәнеде шөлкемлестириў ис-режелери туўрысында»ғы ПФ-4944-санлы бийлигиниң орынланыўы бойынша комплекс ис-режелер Дастуриниң 20-бәндине тийкар «Қарабайлы» мәкан пуқаралар жыйынын шөлкемлестириў туўрысындағы Халқ депутатлары Шоманай районы Кеңесиниң 2018-жыл 8-январ кунги 105/28-5-санлы қарары орынлаў ушын қабыл қылынсын.

2. «Бегжап» аўыл пуқаралар жыйынының «Жаңа бағ», «Қара терең», «Халмурат аўыл», «Станция Шоманай», «Бегжап аўыл», «Бердибай аўыл» пунктлери негизинде «Қарабайлы» мәкан пуқаралар жыйыны шөлкемлестирилсин.

3. Район ҳәкиминиң экономикалық ҳәм исбилерменлик мәселелери бойынша биринши орынбасары (Қ.Ходжаметов) белгиленген тәртипте мәмлекет дизиминен өткерсин.

4. Район Қаржы бөлими (А.Султанов) жаңадан шөлкемлестирилген «Қарабайлы» мәкан пуқаралар жыйынының тийисли штат бирликлерин қаржыландырыў тапсырылсын.

5. Район Ишки ислер бөлими (Б.Булатов) район аймағында шөлкемлестирилген «Қарабайлы» мәкан пуқаралар жыйынының штамп ҳәм мөрин ислеўге рухсат бериуди тийисли тәртипте әмелге асырсын.

6. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң экономикалық ҳәм исбилерменлик мәселелери бойынша биринши орынбасары (Қ.Ходжаметов)ке жукленсин.

Шоманай районы ҳәкими **Б.Янгибаев**

Respublikasi Shomanay Respublikasi Shumanay tumani Ke'nsesi idorasi

Копия верна